

EPIZÒD : JEWOGRAFI

MO JODI A : PWOESISIS

REZIME EPIZÒD LA



Lili ak Tilou ap aprann sou sistèm solè nou an. Yo aprann genyen 8 planèt. Yo chak gen non pa yo ak karakteristik pa yo.



Jodi a se samdi, Kawolin al vann zoranj ak manman l nan mache.



Yon jou, Pouchon deside mache pou li konnen ki kote solèy la kouche chak swa lè li glise dèyè mòn nan. Yon ti granmoun ede l konprann solèy la pa janm kouche vre, se paske tè a ap fè laviwonn solèy la ki fè lannuit, nou pa wè l.

POZE TIMOUN OU YO KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa ou te pi renmen ?
3. Eske ou sonje ki sa ki diferansye latè de lòt planèt yo ?
4. Eske sa te konn rive w ou panse solèy la genyen yon kote li kouche ?
5. Ki sa ou panse kounye a sou latè k ap vire a ?

FÈ AKTIVITE AK TIMOUN OU YO

1. Memorize non planèt yo

Objektif : Timoun nan ap kapab devlope teknik pou memorize yon lesion; devlope imajinasyon li ak kapasite pou li fè fraz.

Dire : 20 minit

Materyèl : Lakrè blanch, lakrè koulè, tablo

Etap 1 : Mande timoun yo fè gwoup 3 timoun.

Etap 2 : Ekri non 8 planèt ki nan sistèm solè nou an sou tablo a byen gwo pou tout timoun ka wè. Mete yo nan lòd yo. Souliye chak premye lèt non planèt yo ak yon lakrè koulè. (Anseyan an ta ka prepare planch pedagojik tou).

Men lòd la : Mèki, Venis, Tè, Mas, Jipitè, Satin, Iranis, Neptin

Etap 3 : Mande timoun yo fè yon fraz kote chak premye lèt nan mo ki nan fraz la koresponn ak premye lèt non tout planèt yo nan lòd yo ye sou tablo a. Pa egzanp: **MARI VOYE TOM MANJE JOUMOU SI, IVROZ NÈVE.**

Etap 4 : Mande chak gwoup repete fraz yo jwenn nan pou tout klas ka tande epi montre yo ki jan fraz yo ap ede yo kenbe non planèt yo pi byen.

Enpòtan : Nou ka itilize ti aktivite sila pou kenbe non 7 kontinan yo ak 10 depatman peyi Dayiti.

2. Reprezante sistèm solè

Objektif : Timoun nan ap kapab reprezante tout planèt nan sistèm solè a kote l ap devlope imajinasyon l, lojik li ak kapasite pou l travay ann ekip.

Dire : 30 minit

- *Premye fason*

Materyèl : 9 blad diferan koulè (X kantite gwoup nèf timoun ki genyen)

Etap 1 : Ekri sou tablo a non planèt yo nan lòd sa ki pi piti pou rive nan sa ki pi gwo.

Men lòd la : Mèki, Mas, Venis, Tè, Satin, Neptin, Iranis, Jipitè.

Etap 2 : Mande timoun yo ranje chèz yo an wonn pou yo ka fòme gwoup ki gen 9 timoun.

Etap 3 : Chak timoun ap gen nan men yo yon blad. Ansanm ak kolaboratè yo, y ap deside ki planèty ap reprezante.

Etap 4 : Chak timoun ap soufle blad li yon fason pou respekte gwochè planèt la parapò ak lòt planèt yo. Chak timoun bezwen konnen nan sans sa gwochè blad kolaboratè li yo.

Etap 5 : Chak gwoup ap pase devan epi ranje tèt yo nan lòd planèt yo ye nan sistèm solè a, ak blad yo kenbe devan yo. Y ap di non planèt yo byen fò, youn aprè lòt.

- *Dezyèm fason*

Materyèl: Wòch diferan gwochè

Itilize wòch nan plas blad yo. Voye timoun yo al chache wòch diferan gwochè sou lakou a.

3. Desine, kolorye Latè ak sa ki ladan I

Objektif : Timoun nan ap kapab desine tout sa ki sou latè pandan l ap amize l.

Materyèl : Gwo bristòl, kreyon, kreyon koulè

Dire: 15 minit

Etap 1 : Mande timoun yo fòme gwoup 5 timoun. Bay chak gwoup yon bristòl epi mande yo fè yon gwo tonton wonn ki reprezante latè. Apre sa mande yo panse ak tout sa ki sou latè e desine yo (apre kolorye yo) nan wonn nan.

Men kèk lide : pyebwa, larivyè, moun, bèt, elatriye.

Enpòtan : Nou ka itilize aktivite sila pou timoun yo kreye yon kat zòn kote yo rete ak tout sa ki ladan l.